

## KONSENAN EKIP LA

*Chak manb ekip travay Haiti Share yo konnen tre byen istwa a tankou Dr Betty konnen l, Petet plis ke mwen konnen l menm, paske visyon Haiti Share a se pa yon bagay mwen te pote bay Ayisyen yo, se yon oganizasyon nou konstrui ansanm e nap kontinye konstrui l ansanm pou yon demen kap dire byen lontan ... Betty Harmsen*

## KONSENAN ESNTRIKSYON

*M vreman kontan akoz konesans ak bon jan fomasyon mwen jwenn nan inivesite a ke mwen pral kontan mete m tou disponib pou m ede lot yo e itil kominote mwen. Fok m di tou kefw mwen tris akoz m we telman gen jenn nan peyi a ki ta swete al nan inivesite ou lekol profesyonel men yo pa gen moyen pou sa, men yon lot bo mwen kontan paske m kwe yon jou tou Haiti Share ap an mezi pou ede yo realize rev yo, tankou l te fel pou mwen. ...Josette*

## KONSENAN DEVLOPMAN KARAKTE MOUN

*Fos nou, travay nou pa selman yon kesyon ede jenn yo jwenn bon edikasyon ak fomasyon nan inivesite yo ou lekol profesyonel yo nan peyi a, men avan tou, se we yo konnen Bondye. Se rezon ki fe nou anseye vale sa yo kise fondman nou, pawol Bondye, entegrite, lafwa, imilite ak renmen; vale nou ta renmen we nan yo pou devlope ak kontrui karakte yo pou lot Ayiti ke nou tout reve we a. Paske finalite travay nou yo se we Moun vini konnen Bondye pi byen chak jou. ...Raymond*

## KONSENAN SEVIS AK ED NOU BAY LOT

*Ye nou te kontan we vale moun nou bay mange. Nan aswe avan mwen al kouche mwen tap panse ak Ekip la, mwen te konkli finalman enpotans travay ansanm se meveye, paske si nou pat mete men, nou patap ka bay tout moun sa yo ki grangou nan peyi a mange ak dlo. ...Emmanuel Azor, Tranbleman te 12 janvyè 2010*

## KONSENAN KWASWANS ESPIRITYEL

*Yon lot visyon, yon lot objektif, yon lot deteminasyon, yon lot souri, yon lot pasyon, yon lot ke kontan. Plis sajes, plis imilite, plis fason poum ede lot yo pandan map ede tet mwen. Pi gran jwa nan mond sa se ede lot yo dekouvri kiyès yo ye. Mesi Seye ! Mwen kwe Kew te kreye m ak abilite pa pou poum viv nan tristes men yon sous la jwa pou tet mwen ak poum patage ak lot yo. ...Stephanie*

## HAITI SHARE

### Dizyem selebrasyon kreyasyon anivèse nou

29 jen 2017

*Nesans Haiti Share: Sete nan ete 2007, nef jenn volonte Ayisyen te gen kom travay anseye klas pou timoun nan yon kan dete Betty Harmsen te oganize. Nan fen semen lan, yon visyon te pran nesans- sete yon visyon kita ka ede nou ak etid nou, kontinye sevi ak aprann sou Bondye epi ede tou fre Ayisyen parey nou yo. Se konsa Betty te rele lakay li, mande mari li sipo moral ak fnansye, wi se ke mari a te reponn san grate tet. Se la nef jenn sa yo ta pral vini manb fondate asosyasyon an. Tout bagay sa yo te pase 29 jen 2007, jou kote Haiti Share ta pral kreye. Haiti Share, vle di Ayiti pou nou tout. Nou travay nan twa sekte sa yo : Enstriksyon, evangelisasyon ak leadership.*

---

Se gras Bondye pou Haiti Share te fet.

Se lanmoun Jezi Kris ki kenbe Haiti Share byen vivan.

Se ak ed Sentespri a ke Haiti Share  
ap kontinye akonpli misyon l pou ede plis jenn Ayisyen...

*Slogan nou se: Ansanm nap soti nan depandans pou n rantrè nan leadership, ak gras Bondye nap sevi a.*

Nou vle mond lan konnen gratitud nou pou sa Bondye fe pou nou ak mizerikod Li ba nou... Manb ekip Haiti Share yo

*“Senye a fe anpil bel bagay pou nou nan Haiti Share, sa fe ke nou kontan anpil anpil. Mesi Bondye!... Li wete pòv yo nan lapenn yo, li bay endijan yo men pou yo soti nan mizè yo. Li fè yo chita menm kote ak grannèg yo. Li ba yo bèl pozisyon nan lasosyete. Fondasyon latè, se nan men Seyè a sa ye. Se sou yo li bati tou sa ki la.”...Som 126:3 & 1Samyel 2:8*

---

Phone: 3233-9314

Haiti Share Training Center

136, rue l'Union entrée Paloma, Carrefour

raymond@haitishare.org

[www.haitishare.org](http://www.haitishare.org)

---

**HAITI SHARE... soti nan depandans  
poun rantrè nan leadership ak gras Bondye.**

# DIZAN HAITI SHARE KEK DAT ENPOTAN

---

**29 jen 2007: Nesans Haiti Share**

**Dezyem mwatye 2007**

- Premye kan dete
- Premye asistans lekol pou elev nan ekip la
- Premye asistans pou manb ekip la al nan kou angle

**2008**

- Haiti Share vini legal nan Texas, etabli tou manb biro a
- Premye retret fomasyon anyel
- Premye etidyan nou sipote pou al nan inivesite

**2009**

- Premye konferans leadership anyel
- Kreyasyon pos direkte Ayisyen

**2010**

- Premye efo sekou ekip la bay(12 janvyè 2010)
- Lansman klas Junior Haiti Share
- Premye ajouteman nan ekip original Haiti Share

**2011**

- Premye fet Nowel pou timoun yo nan kominote a
- Premye visite ki ta pral vini Ayiti ak Betty
- Premye etidyan inivesite nou gradye
- Premye sipo finans pou timoun Haiti Share yo

**2012**

- Nou komanse ak priye chak midi yo
- Premye kou enfomatik nou
- Premye interview nan Radio Lumiere
- Lansman program atizana, kroche Haiti Share

**2014**

- Premye lansman chak mwa Talent Show pou timoun
- Mikro kredi
- Semine chak 2 mwa
- Premye timoun ki gradye nan program lekol klasik la

**2015**

- Premye kou angle nou
- Klas leadership ak devlopman pou jenn yo chak jedi 4h
- Group Priye Sanses chak jedi 5h

**2016**

- Komite finans
- Voyaj sekou nan Jeremi, Okay, Grangoav
- Misyon nan Grangoav
- Premye group etidyan anrole nan aprann kondui anjen lou

**29 jen 2017:** Dizyem anivèsè nou e tou komanse onzyèm ane a.